

Nimewo 8

DEKRÈ EGZEKITIF

**ELIMINASYON BARYÈ POU ANTREPRIZ KOMÈSYAL MINORITÈ AK ANTREPRIZ  
KOMÈSYAL FANM KI NAN KONTRA AVÈK ETA A**

**ALÒSKE**, Eta New York te adopte Atik 15-A Lwa Egzekitif, pou ankouraje opòtinite egalego nan kontra pou tout moun, san diskriminasyon pou manm gwoup minoritè yo ak pou fanm yo ak pou antrepriz komèsyal yo posede, epitou pou elimine baryè ki anpeche antrepriz komèsyal minoritè ak antrepriz komèsyal fanm yo jwenn opòtinite kontra avèk Eta a;

**ALÒSKE**, malgre lwa Eta New York pou ankouraje kontinyasyon devlopman biznis minorite ak fanm yo posede, nan ane 2010 la, yon etid inegalite onivo eta ate montre gwo inegalite ant (1) kantite biznis minoritè ak biznis fanm nan Eta New York ki disponib epi ki kalifye pou opòtinite kontra, epitou (2) kantite kontra eta a yo bay pou biznis sa yo;

**ALÒSKE**, yo te adopte lwa a nan ane 2010 pou ranfòse Atik 15-A, epitou li enpòtan pou Eta a pran mezi aktif pou asire dispozisyon sa yo aplike yon fason ki efikas;

**ALÒSKE**, sa gen yon gwo enpòtan piblik pou Eta New York fè yon revizyon enpòtan, lojik, ak apwofondi pou retire baryè ki anpeche antrepriz komèsyal minoritè yo ak antrepriz komèsyal fanm yo posede jwenn opòtinite kontra avèk Eta New York; epi

**ALÒSKE**, revizyon sa a ta dwe deziyen pou ogmante patisipasyon biznis minoritè yo ak biznis fanm yo posede nan kontra avèk eta a, epitou pou bay opòtinite egalego nan travay san okenn diskriminasyon;

**KOUNYE A, KIDONK**, Mwen, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, akòz otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York ban mwen, òdone sa ki endike anba la a:

**A. Definisyon**

Jan tèm sa yo itilize nan dokiman sa a, yo dwe gen siyifikasyon ki endike anba la a:

1. "Antrepriz Komèsyal Minoritè ak Antrepriz Komèsyal Fanm yo Posede" oswa "M/WBE" dwe vle di biznis ki defini kò, Antrepriz Komèsyal Gwoup Minoritè yo Posede" ak "Antrepriz Komèsyal Fanm yo Posede" nan Lwa Egzekitif § 310.

2. "Otorite piblik" oswa "otorite" dwe vle di yon otorite piblik oswa sosyete avantaj piblik nenpòt lwa Eta New York kreye oswa ki egziste, avèk youn oswa plizyè manm Gouvènè a deziyen, oswa k ap travay kòm nanm paske yo gen yon fonksyon sivil Eta New York, ki diferan avèk yon otorite entè-eta

oswa avèk yon otorite entènasyonal oswa ki diferan avèk yon sosyete piblik, tankou nenpòt filyal otorite piblik la oswa sosyete avantaj piblik la.

3. “Komisyon SAGE” vle di Komisyon Depans ak Eifikasite Gouvènman an ki te kreye anba Dekrè Egzekitif 4 ane 2011, epi ki gen responsablite pou re-òganize estrikti òganizasyonèl gouvènman eta a.

4. “Ajans Eta” oswa “ajans” dwe vle di nenpòt ajans eta, depatman, fonksyon, konsèy administrasyon, biwo, divizyon, komite, konsèy oswa fonksyon.

5. “Fonksyonè oswa anplwaye Eta” dwe satisfè siyifikasyon yo bay nan Seksyon 73 Lwa konsènan Fonksyonè Piblik yo.

### **B. Ekip M/WBE**

1. Dapre seksyon sa a, yo kreye Ekip M/WBE (“Ekip”) ki dwe egziste pou ofri oryantasyon ak konsèy pou Gouvènè a.

2. Gouvènè a dwe deziyen jiska 30 manm ki gen dwa pou vote nan Ekip la. Manm Ekip la dwe gen ladan: fonksyonè oswa anplwaye eta a ki gen bon jan eksperyans; manm Lejislati Eta New York; manm enstitisyon akademik eta a; ak aksyonè ki gen eksperyans nan kontra avèk plizyè kalite founisè, pratik enklizyon ak divèsite ak pwogram divèsite pou anplwaye.

3. Gouvènè a dwe mete moun nan pozisyon vid yo, epitou Gouvènè a ka deziyen lòt manm nan Ekip la ki pa gen dwa pou vote, jan li nesèsè. Manm Ekip la dwe travay selon volonte Gouvènè a.

4. Gouvènè a dwe deziyen yon Prezidan pami manm Ekip la.

5. Yon majorite manm total Ekip la ki te jwenn deziyasyon dwe fòme yon kowòm, epitou tout rekòmandasyon Ekip la dwe jwenn apwobasyon yon majorite kantite total manm li yo.

6. Ekip la dwe fè efò pou angaje ak mande kontribisyon yon gwo kantite gwoup diferan, òganizasyon ak moun.

### **C. Kolaborasyon avèk Ekip la**

1. Chak ajans ak otorite Eta New York dwe bay Ekip la tout asistans ak kolaborasyon, tankou itilizasyon bilding Eta New York yo, ki ka nesèsè oswa konvnan pou satisfè objektif Dekrè Egzekitif sa a.

2. Ajans yo ak otorite yo dwe bay sipò anplwaye yo ki nesèsè pou fè travay Ekip la (sa depannde apwobasyon konsèy administrasyon otorite yo).

3. Ofisye Chèf Divèsite a dwe sèvi kòm yon lyezon ant Ekip la ak ajans yo pou fasilite echanj done ak enfòmasyon.

### **D. Fonksyon ak Objektif**

1. Ekip la dwe revize etid inegalite ane 2010 la, epitou li dwe revize done ak enfòmasyon ajans eta yo bay pou Ofisye Responsab Divèsite rasanble konsènan pèfòmans chak ajans apa ak pratik kontra yo.

2. Ekip la dwe travay avèk Biwo Egzekitif la, Empire State Development Corporation, ak Komisyon SAGE, epitou li dwe idantifye opòtinite pou kolaborasyon avèk lòt enstitisyon enpòtan yo.

3. Prezidan an dwe fè aksyonè yo konnen objektif Ekip la, opòtinite pou patisipasyon aksyonè yo, epi mwayen ak kalandriye pou patisipasyon an.

4. Prezidan dwe bay paramèt pou aksyonè yo ak lòt pati enterese yo soumèt pwopozisyon ak rekòmandasyon yo.

5. Revizyon ak rekòmandasyon Ekip la dwe abòde baryè ki egziste nan patisipasyon M/WBE nan opòtinite pou jwenn kontra Eta a tankou, men pa sèlman:

a. angajman kalite dirijan ajans lan pou reyalize objektif M/WBE;

- b. aksè enfòmasyon;
- c. presizyon ki nan kontra yo konsènan patisipasyon M/WBE;
- d. pwogram asistans ak pwogram sèvis sipò;
- e. baryè nan kredi ak egzijans ki lakòz difikilte pou jwenn kontra eta a;
- f. kontwòl ak konfòmite ki pa konsistan epi ki pa fèt souvan pandan peryòd kontra a.

6. Ekip la dwe revize tou manyè ajans eta yo ap aplike amannman 2010 la nan Atik 15-A Lwa Egzekitif la; ak nenpòt pwoblèm ki genyen avèk aplikasyon amannman an; epitou nenpòt mankman nan lwa jeneral ak rejim kontwòl ki gouvène kontra M/WBE.

7. Ekip la dwe kòmanse travay li anvan dat 1 mas 2011. Nan dat 1ye me 2011 oswa anvan dat sa a, Ekip la dwe idantifye yon plan travay, epitou li dwe travay avèk Biwo Egzekitif la pou egzekite plan an.

8. Ekip la dwe egzekite travay li nèt nan dat 1ye jen 2012 oswa anvan dat sa a. Answit, Ekip dwe fini travay li, epitou yo dwe mete yon pwen final nan tout responsablite ak fonksyon li yo annapre.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, disetyèm jou mwa fevriye ane

de mil onz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a